REGINIPOEN LENGGANAN SWARA - TAMA:

1 taoen . . . . f 6,—
1/2 „ . . . . f 3.—
3 woelan . . . f 1,50
Kénging mbajar saben woelan
} njoewoen kabajar roemijin.

RAGAD ADVERTENTIE:

1 katja . . . . . . . . . . . f 36.—.
1/2 „ . . . . . . . . . . . f 18,65.
1/4 „ . . . . . . . . . . . . 9,75
1/8 „ . . . . . . . . . . . f 5,25..
Saladjengipoen: saben 1 cm² . . f 0,03; sekedik - kedikipoen: f 1,50.
Kabar premili alit - alitan: f 1.—
Moendoet kapatjak langkoeng saking sapisan, oetawi dados lengganan, tepang rembag roemijin kalijan administratie.

# SWARA-TAMA

## SERAT KABAR KATHOLIEK

Medal saben dinten Djoemoewah.

Hoofdredacteur:
A. DJAJASEPOETRA.
kabantoe
REDACTIE - COMMISSIE.

Adrèsipoen Redactie lan Administratie
IGNATIUS - COLLEGE
DJOKJAKARTA
Telefoon no. 795.

Drukkerij „Canisius" Djokja.

## NGAHAD TRIMOELJA INGKANG LINAGKOENG.

Saweg Ngahad ingkang kapengker poenika ngleresi Ngahad Trimoelja Ingkang Linangkoeng. Toemrap golongan Katoelik, sampoen sami mangertos poenapa ingkang dipoenseboet Trimoelja Ingkang Linangkoeng oetawi Trinidji Soetji. Ewasamanten badé koela rembag ing riki, soepados golongan sanès, langkoeng - langkoeng sadèrèk Islam sami mangertosa poenapa ingkang dados piandel kita, awit ing salebeting Congres Mohammad Dijah ingkang mentas kapengker poenika wonten sadèrèk Islam kalih ingkang anggepok prakawis poenika.

Satoenggaling Kadji sandjang: „Mereka diwadjibkan dalam agama Kristen bertoehan lebih dari satoe. Manakah jang lebih mengherankan, berlaki lebih dari satoe ataukah bertoehan lebih dari satoe?"

Toewan Kadji waoe ing semoe pro-polygamie (tjotjog wontenipoen wajoeh). Koela boten badé mabeni, namoeng kémawon koela atoeri ènget, jèn samangké ing tanah Toerki (tanah Islam) wajoeh poenika dipoenawisi sanget. Sinten ingkang nerak, kapatrapan oekoeman. (Manoet de Koerier 10 Maart 1931). Jèn wajoeh poenika saé, poenapa Toerki ngawisi, mangka ngrika margi mentas perang, langkoeng katah tijangipoen èstri? Poenapa Toerki sampoen mantoen Islam, ngantos boten tjotjog kalijan Toewan Kadji waoe, ingkang oegi Islam? Islam sami Islam ing riki poendi ingkang leres?

Bab tijang Kristen dipoenwadjibaken „bertoehan lebih dari satoe" poenika boten njata. Toewan Kadji moengel makaten, ladjeng dipoensaroewé déning Ass. Res., wangsoelanipoen: boten nedya damel sak seriking golongan sanès. Goemoen koela, déné boten poeroen ndjaboet tetemboenganipoen. Bokmanawi taksih boten ngertos jèn poenika damel pinggeting golongan Kristen.

Oepami para maos, Pandjenengan ngagem sindjang mentas anggènipoen toembas. Ladjeng koela moengel: Poenika anggèn Pandjenengan njolong. Woesana wonten ingkang njaroewé koela. Koela mangsoeli: Olèhkoe moeni mangkono ikoe ora nedya gawé serik. Mangga para maos, poenika moegi kagalih! Wonten malih sadèrèk Islam ingkang metik oengelipoen Dr. Herdersche „de Godsdienst van den Koran." Diseboetkan bahwa Toehannja orang Nasrani itoe doeloe kala djoega satoe, akan tetapi sesoedah tahoen 381 rapat Concilie di Constantinopel orang laloe menetapkan Toehan tiga bersatoe.

Oengel-oengelan nginggil poenika oegi klintoe, awit tijang Kristen wiwit roemijin ngantos sapoenika taksih nganggep Goesti Allah satoenggal. Namoeng kémawon ing Allah poenika manoet piandel Kristen Dat satoenggal, Djedjer tiga. Ing Matéjoes XXVIII. 19 moengel: Loengaa lan moelanga sakèhing bangsa, baptisen kondjoek ing Asmaning Hjang Rama, Hjang Poetra lan Hjang Roh Soetji. Kalijan malih wiwit kina mila ing agami Katoelik poenika sampoen wonten sembahjangan „Linoehoerna Hjang Rama, Hjang Poetra lan Hjang Roh Soetji."

Sahadat Katoelik ingkang saking tetilaranipoen para Rasoel oegi ngakeni dateng Allah satoenggal Djeder tiga.

Dados dalasan pangandel dateng Allah Dat satoenggal Djedjer tiga poenika boten wiwit taoen 381. Ing taoen 381 poenika agami Katoelik namoeng moetoes, nganggep panasaran dateng woelangipoen Macedonius, ingkang tjrijos jèn Hjang Roh Soetji poenika titah. Ing abad kalih agami Katoelik sampoen moetoes, nganggep panasaran dateng woelangipoen Sabellius, ingkang moengel jèn Djedjer tiga poenika namoeng Asma.

Kita bangsa Katoelik ngandel jèn Nabi Moesa poenika Nabi, mawi wawaton Babad Soetji. Oegi ngandel jèn Goesti Jésoes poenika Nabi, inggih awawaton Babad Soetji. Nanging manoet wawaton Babad Soetji, Nabi Ngisa ngandika jèn Pandjenenganipoen Allah Hjang Poetra, sarta minangka tanda paseksèn, sampoen séda, ladjeng woengoe, gesang malih.

Nabi Ngisa boten saged dora. Pandjenenganipoen moelang manawi Allah Dat satoenggal Djedjer tiga. Poenapa sanadjan boedi koela boten njandak, boten kedah ngandel? Jèn boten ngandel, poenika ndorakaken Nabi Ngisa.

Sarèhné Djedjer tiga poenika toenggil Dat, mila Rama inggih Allah, Poetra inggih Allah, Roh Soetji oegi Allah, nanging namoeng Allah satoenggal, djalaran Datipoen namoeng satoenggal, mangka Tiga pisan atoenggil Dat. Djedjer tiga waoe kabédak - bédakaken makiki (reëel), dados Rama dédé Poetra, Poetra dédé Roh Soetji, Roh Soetji dédé Rama.

Poetra mila dipoenseboet makaten, amargi kapoetrakaken déning Rama, nanging boten tjara manoengsa. Jèn tjara manoengsa, poetra kalijan ingkang moetrakaken, sepoeh ingkang moetrakaken sarta kakalihipoen pijambak-pijambak, lan dados tijang kalih, sareng ing Allah, Rama lan Poetra sami sepoehipoen, sami koewasanipoen, salanggengipoen sarta Djedjer kalih dados satoenggal, noenggil Dat.

Manoet asal, Rama lan Poetra roemijin Rama, nanging manoet wekdal sami langgengipoen.

Kanggé anggampilaken ing pamikir, soepados ngertos bédanipoen asal kalijan wekdal, koela mendet oepami: soerja. Manoet asal, soerja langkoeng roemijin tinimbang bentèripoen, nanging manoet wekdal, soerja lan bentèripoen poenika sareng. Kalijan Allah béda sanget, djalaran soerja lan bentèripoen poenika titah, boten langgeng, sareng Allah djoemeneng pribadi sarta langgeng. Kalijan malih, bentèr poenika accidens tegesipoen sagedipoen wonten: margi kasanggi déning barang sanès (soerja), sareng Hjang Poetra poenika dédé accidens. Pandjenenganipoen djoemeneng mandirèng toenggil Dat kalijan Hjang Rama lan Hjang Roh Soetji.

Hjang Poetra dados manoengsa djoedjoeloek Jésoes Kristoes, mila wonten seseboetan Poetraning Allah. Poetraning Allah poenika boten teka margi tanpa bapa kados Bapa Adam, boten teka margi saged damel moekdjidjad (Pènget: sawenèhing sadèrèk Islam nginten jèn poenika sababipoen déné kita bangsa Katoelik njeboet Poetraning Allah dateng Goesti Jésoes), boten teka kados dodongéngan Ngawangga anakipoen Batara Soerja (Pènget: golongan dédé Katoelik ingkang nginten makaten inggih wonten), nanging margi sadèrènipoen dados manoengsa, sampoen dipoenseboet makaten. Oepami ingkang mandjalma Hjang Rama sarta djedjoeloek Jésoes, Goesti Jésoes temtoe boten dipoenseboet Poetraning Allah.

Allah Dat satoenggal Djedjer tiga poenika boten soelaja (tegenstrijdig). Jèn koela moengel: Dat sidji = Dat teloe, Djedjer sidji = Djedjer teloe, Allah sidji = Allah teloe, poenika soelaja.

Dat satoenggal Djedjer tiga mila boten soelaja, amargi Dat kalijan Djedjer poenika boten sami. Jèn koela moengel: Soeta awaké gedé, nanging oega awaké tjilik, poenika soelaja. Nanging awaké gedé, atiné tjilik poenika boten soelaja. Mila Dat satoenggal, Djedjer tiga oegi boten soelaja.

Koela gadah pangadjeng - adjeng, bilih sadèrèk Islam margi katrangan koela ingkang tjekak poenika ladjeng ngertosa jèn Kristen boten nembah Allah tiga, nanging Allah satoenggal (amargi namoeng wonten Dat satoenggal) ingkang Djedjer tiga.

Koela atoeri tepa salira. Sadèrèk Islam roemaos dipoendamel serik déning serat kabar Hoa Kiao, ladjeng damel protestvergadering. Sadèrèk B ing Hoa Kiao moengel, boten nedya damel serik, namoeng metik serat Cinema & Theater. Poenika ing semoe boten kaanggep. Wong lajang kaja ngono dipetik. Makaten oegi koela matoer: sampoen metik Dr. Herdersche. Aloewoeng pitakèn kémawon dateng salah satoenggaling Pastoer ing tanah Djawi ngriki. Koela pijambak jèn badé njoemerepi agami Islam, inggih takèn dateng tijang Islam, boten dateng Doktor-doktor oetawi Prof.-prof. ingkang boten Islam. Saged oegi wonten ingkang witjanten: „Jèn mangkono Goesti Allah ikoe dipara!" Boten dipoenpara - para, djer Roh poenika tanpa pétangan, dados boten kénging dipoenpara.

„Apa Djedjer sidji ora tjoekoep?" Pitakèn kados makaten poenika pitakènipoen tijang bodo, djer kawontenanipoen sampoen makaten. Kita wontenipoen kedah namoeng ngandel jèn Goesti Allah poenika mahasampoerna. Poenapaa tijang boten pitakèn: „wong ikoe matané loro, sidji apa ora tjoekoep? Wong ikoe hasoekma lan habadan, soekma tok apa ora tjoekoep?"

Jèn santolanipoen: „Akoe ora ngerti Allah sidji Djedjer teloe." koela atoeri ènget bilih katah prakawis ingkang kita boten ngertos, wontenipoen namoeng ngandel, margi ingkang nrjijosi (oepami: Nabi) boten saged dora. Koela sami boten ngertos, déné Goesti Allah pirsa ing samoekawis dalah ingkang rempit-rempit, lo mangka tanpa tingal, éwasamanten koela ngandel. Boten ngertos, inggih sampoen, namoeng sampoen teka ladjeng ngawon-awon.

*Petrus Soeradja.*

Ing **Bandoeng** betah **goeroe kakoeng R. K.** satoenggal **wedalan H.K.S.**
Pranatan blandja etc. kados ing goeperménan.
Kanggé 1 Djoeli ngadjeng poenika.
Serat lamaran kakintoena dateng:
**Pastoor A. van Asseldonk**
**Schoolweg 16 Bandoeng.**

# PRADJA RAHAJOE.

## NAGARI GEMAH RIPAH LOH DJINAWI.

Wiwit kina mila tanah Djawi poenika kalok nagari gemah ripah loh djinawi, toeloes ingkang sarwa tinanem, mirah ingkang sarwa tinoembas. Wah teka saé temen oengeloengelan poenika, sakétja temen wonten ing pamirengan, nanging saéning oekara ingkang damel ajeming lan gambiraning manah poenika poenapa ta ginanipoen, manawi boten wonten njatanipoen. Tetemboengan nginggil waoe sareng koela titi lan koela tjotjogaken kalijan kawontenanipoen ingkang saèstoe katah sanget bédanipoen, malah manawi koela trapaken ing djaman samangké babar pisan tanpa teges, kadjawi manawi anggèn koela mirengaken tetemboengan waoe kalijan pèi (?Red), apesipoen Domino kasambi ses sroetoe (Cadena toer boten toembas pijambak) wonten sawingking kelir, ingkang omong wonten ing sangandap bléntjong, njata saèstoe wonten ing rikoe tanah Djawi nagari gemah ripah loh djinawi, toeloes ingkang sarwa tinanem, mirah ingkang sarwa tinoembas, malah sadaja - sadaja gratis toer kénging milih ing sakadjengipoen. Atoer koela ingkang ngajawara poenika koela poenggel samanten kémawon, sapoenika soemangga sasarengan niti priksa kawontenanipoen tanah Djawi, kadjawi ingkang sampoen sami kasoemerepan, (inggih poenika djaman malèse) para sadèrèk goeroe pamoelangan Djawi katah ingkang terang pamriksaning bab kawontenanipoen gesanging tijang padoesoenan. Gesanging tijang doesoen kaoem tani poenika béda sanget kalijan djaman 10 oetawi 20 dasa taoen kapengker, djalaran pamedaling pasitèn sampoen boten tjekap kateda, margi saking sakedikipoen, awit pas tèn ingkang 10 oetawi 20 taoen kapengker waoe dados gadahanipoen tijang satoenggal, sapoenika sampoen kaedoem sakawan, gangsal, nem oetawi langkoeng, wewah² sapoenika pamedaling siti namoeng sakedik sanget aosipoen, Saking aoeting pasitèn, saking sakediking pamedal. Bangsa kaoem padoesoenan katah ingkang nggombal. Koela kerep sanget omong²an kalijan sadèrèk goeroe-goeroe, bab kawontenaning moerid lan tjatjahing absent toemrap pamoelangan Djawi. Koela ratjak mèh 30%. Lah poenapa ta sababipoen, moerid pamoelangan Djawi kok sami kesèd-kesèd makaten. Sababipoen boten sanès namoeng kekirangan. Soemanggata pandjenengan titi priksa, rak katah sanget moerid ingkang boten mlebet namoeng dolan kémawon wonten ing grija: lo géné dolan, djaré marga koekoerangan, o inggih laré waoe namoeng dolan kémawon margi kekirangan; Koela sampoen naté nakèni moerid koela: Ja géné kowé wingi ora mleboe, apa sababé,? wangsoelanipoen boten poenapa-poenapa. Saja dangoe laré waoe saja kesèd, pendak dinten pekenan boten loemebet. Saking panginten koela laré waoe mlintjoer dolan wonten ing peken, mila sareng mlebet koela oekoem, koela wedalaken ngantos radi lat dangoe. Wasana laré waoe sareng koela poerih wangsoel, ladjeng tjarijos dateng koela bilih anggènipoen boten mlebet waoe margi sindjangipoen plesir dateng peken, kanggé nggéndong-godong. Nalika poenika koela kadoewoeng sanget, déné ngoekoem laré tanpa dosa. Wiwit wekdal poenika koela radi ngatos-atos, lan manawi wonten moerid boten mlebet tanpa pamit, éndjingipoen koela takèni pijambakan. Sarana lampah makaten poenika koela soemerep terang, bilih moerid ingkang boten mlebet poenika ratjakipoen namoeng margi panganggénipoen kirang djangkep.

Bab lating bajaran poenika inggih boten margi tijang sepoehipoen moerid boten mrelokaken, nanging ingkang katah oegi margi kemlaratan. Ing padoesoenan sakiwa - tengening pamoelangan koela inggih ingkang kondang papan mirah sandang toewin teda, nanging awis tijang ingkang poeroen njekolahaken anakipoen, poenika namoeng margi boten saged mbajar. Sampoen naté koela nagih bajaran dipoensemadosi manawi: „bapak saged sadé areng." Panginten koela tijang sepoehipoen laré poenika sanadjan sakedik adjeg gadah arta. Djeboel anggènipoen saged sadé areng poenika manawi saged angsal kadjeng saking wana toetoepan. (alijas manawi saged njolong kadjeng inggih saged ngareng) manawi boten malah boten saged ngliwet,

Samanten kémawon kados sampoen tjekap kanggé niti priksa bab kemlarataning bangsa koela Djawi sadèrèk ing padoesoenan. Mila sanadjan koela sadaja ing wekdal poenika ratjakipoen oegi sami kirang tjekap, éwasamanten taksih rahmat sanget manawi dipoentimbang kalijan kantja padoesoenan.

Margi saking dajaning tetemboengan „Tanah Djawa ikoe sawidjining Nagara kang gemah ripah loh djinawi" katah para sadèrèk ingkang boten priksa kemlarataning bangsa koela ing padoesoenan. Kosok-wangsoelipoen kita pijambak oegi kerep boten soemerep moendoer kita margi saking katahing pakempalan. Béndjing malih manawi pinoedjoe lédang - sela padamelan - sepi ing alangan sarta pikiran pinoedjoe padang toewin gagasan saged pandjang, koela badé ngandaraken tandang - tandoek kita ingkang katingalipoen noentoen dateng kamadjengan, nanging sadjatosipoen namoeng dados margi dateng djoeranging kekirangan.

*Pers sectie K. W. N. I. S. D/M.*

## ISINIPOEN.

Ngahad Trimoelja ingkang linangkoeng — Nagari gemah ripah loh djinawi — Indonesianistatie ing djagad pengadjaran — Serat kintoenan — Goentingan pers — Saking pakempalan — Djagad wanita — Pangandika Dalem K. S. Bapa Leo XIII — Oerap - sari — Correspondentie.

## GOENTINGAN PERS.

*Barisan Katholiek ing Nederland.*

Katholiekendag ingkang kaping gangsal ing Nederland dipoentapoekaken kala 26 Mei wonten tjepoeri Koloniaal Instituut. Prajagoeng ing Pasamoean Soetji katah ingkang rawoeh. Semanten oegi minister Katholiek Ruys de Beerenbrouck, Reymer toewin Deckers oegi andjenengi.

Gandèng kalijan pakabaran poenika, serat kabar „mustika" ing Mataram ingkang dipoenkemoedèni H. A. Salim, tjarijos soeraosipoen ing basa Djawi makaten:

Ana ing Éropah agama akèh sengkalané. Djagad kawroeh sasat kena ditetepaké moengsoeh agama. Para siswa lan para winasis sing isih enom akèh sing anetepaké ora ana Goesti Allah. Nanging sanadjan mangkonoa kaoem Grédja isih koekoeh oeripé, santosa organisasiné. Loewih - loewih kaoem Katholiek koekoeh banget barisané. Dèk pilihan taoen 1929 kaoem Katholiek maoe oleh soewara samlijoen, dadi mèh sapratelоné goenggoengé kabèh swara. Golongan iki olèh koersi 30 ana sadjroné parlement. Semono oega golongan Protestant ija olèh koersi 30 dadi doewèké parté loro. Kaoem Grédja (Katholiek lan Protestant) marga menang soewara maoe, menang!

Sadjatiné kamenanganė kaoem Grédja maoe doeroeng soewé. Djaman dahoeroe Perantjis, kaoem koewi sasat diboewang saka kalangan politiek. Ing tengah-tengahané abad 19, sing menang, njekel pangawasa, kaoem liberaal. Ing akiré abad 19, lan wiwitané abad 20, kaoem Grédja bandjoer bisa ndesek; ngesoek kaoem liberaal (kang ora nganakaké agama) sarta bandjoer njekel pangawasa lan toentoenan.

Wasana serat kabar poenika tjarijos: „Hal ini patoet mendjadi pikiran dari kaoem kebangsaan, apabila mereka hendak meremehkan perkara agama dalam hal politiek tanah air Indonesia ini.

Poenapa pikadjenging swanten makaten poenika, pandjenengan mesti sampoen mangertos!

*Prendjak Mataram.*

# ONDERWIJS.

## INDONESIANISATIE ING DJAGAD PANGADJARAN.

*(Swanten merdoe dan manis saking sawenèhing kaoem sana).*

**Manis sanget.**

Para maos!!!

makaten; poenapa sapoenika anak-anak kita ingkang tjatjahipoen tikel-matikel, gadah panjoewoenan oetawi kasoewoenaken dateng Pamaréntah? „Éjang Goepermèn, tjatjahing ra'iat Indonésia poenika ing djagad Indonésia ngriki katah pijambak, tikel matikel jèn katanding kalijan bangsa ngamantja sadaja, langkoeng-langkoeng manawi katanding kalijan bangsa koelit petak. Éjang Goepermèn, inggih anak Inlander poenika ingkang badé pandjenengan toentoen soepados ing tembé wingkingipoen saged njenegarinipoen pijambak. Éjang Goepermèn; pamoelangan makaten satoenggiling srana ingkang premati lan mitajani pijambak kanggé nggajoeh dateng djagad kamadjengan ingkang pandjenengan kersakaken poenika. Éjang Goepermèn, margi saking wadjibipoen manawi Pamaréntah migatosaken dateng pangadjaranipoen anak Inlander, ingkang sanget ngelakipoen dateng pangadjaran waoe, ingkang bab poenika kanggé éjang temtoe boten kekilapan. Sapinten kémawon tjatjahipoen anak Indonésia ingkang boten saged ngraosken ingkang kénging kanggé sedija badé kanggé maboer dateng langiting kamadjengan?? Katah sanget. Boektinipoen saben taoen tjatjahipoen, laré Indonésia ingkang boten saged klebet wonten ing H. I. S.!! Margi saking poenika, éjang Goepermèn, koela njoewoen moegi pamoelangan ingkang kanggé bangsa Inlander poenika dipoenindakana ingkang katah sanget, ngantosa tatandinganing kamadjengan anak Inlander kalijan bangsa sanès saged timbang. Makaten oegi, bapa Regeering, rèhning koela inggih mangertos manawi ing wekdal samangké initiatief saking partikelir inggih sampoen katah, makaten oegi koela inggih mangertos manawi pamoelangan makaten dédé monipolienipoen negari, nanging saénipoen kapasrahaken dateng ra'iat pijambak, soepados saged nggoela-wentah anak-anakipoen ingkang salaras kalijan dadasar ingkang dipoen-gondèli; poenika kémawon pamaréntah moegi-moegi kabantoea ingkang sanget, ngantosa prakawis pangadjaran poenika ing béndjingipoen sadaja kapasrahaken dateng babadan partikelir. Éjang Goepermèn namoeng kantoen toezicht kémawon. Ra'iat bati, djer saged nggoelawentah anakipoen mawi dadasar ingkang tjotjog kalijan kadjengipoen, dados boten mawi dadasar peksan kados ing wekdal samangké poenika. Bapa Pamaréntah, kanggé ing wekdal samangké, ing wekdal ra'iat Indonésia sanget ngelakipoen dateng pangadjaran poenika, sanget badé genging tarima kasihipoen manawi negari sengkoet anggènipoen ngindaki tjatjahing pamoelangan-pamoelangan inggil-inggil inggih andap, makaten oegi kedah boten kesoepèn ada-ada partikelir kedah kabantoe ing sakijat-kijatipoen. Koela adjeng-adjeng oegi moegi pamaréntah enggala ngwontenaken pranatan Financieele gelijkstelling kanggé pamoelangan partikelir, soepados ada-ada partikelir waoe sageda njamboet damel kanti kakijatan ingkang wetah. Boten kok inggih kapeksa pados tambahan arta kanggé njampeti kekiranganipoen, kados poenapa ingkang toemindak ing wekdal samangké poenika. Éjang Goepermèn, indaking pamoelangan-pamoelangan, makaten oegi saéning onderwijsstelsel toewin moegi-moemoegi prakawis pangadjaran saking ada-aba partikelir poenika kabantoea ing sakijat-kijatipoen poenika ingkang sanget koela adjeng-adjeng, djer poenika sangoe ingkang perloe pijambak kanggé ra'iat Indonésia ingkang pandjenengan toentoen dateng VOLLEDIG ZELFBESTUUR. Poenika ingkang dados pangadjeng-adjengipoen anak Indonésia".

HERCULES.

## SERAT KINTOENAN.

*(sadjawining tanggelan Redactie).*

**Atoer panoewoen.**

Atoer panoewoen koela katoer R. Baskoel dalah para pembantoenipoen déné sampoen kasdoe paring andaran ing taman Swara-Tama ngriki kaping kalih ingkang soeraosipoen paring pangalembana dateng koela lan pakarjan koela wonten ing kita Djajakarta kanti temboeng matis lan soeraosipoen gamblang, terang toer maton.

Makaten oegi atoer panoewoen koela katoer Rama Redaktoer ingkang sampoen karsa paring papan kanggé atoer wangsoelan koela poenika.

Soemitra toehoe tresna:

*Patricius.*

(Ngèngeti para maos sanèsipoen, polemiek poenika koela sigeg. Woesana awawaton kabangsan lan katresnan Katoelik sadèrèk Patricius lan Radèn Baskoel sarta sadèrèk sanès-sanèsipoen ingkang magepokan prakawis poenika, koela atoeri sami papanggihan alal-bahalal, soepados sampoen kaladjeng-ladjeng. Redaksi oegi toemoet alal-bahalal sarana Sw. Tm. *Red).*

## BOK INGGIH INGKANG NGATOS-ATOS, TA!

*(Een preek, doch slechts van een leek).*

*(Nanggapi Goentingan Pers Sw. T. no. 22).*

*
* *

Mimis poenika namoeng awoedjoed timbel saglinding, bédoring djemparing namoeng tosan wawrat samatra, éwadéné loemepasing widaran-timah saking wewoeloeh, pesating warajang saking gendéwa, saged damel tjoerna.

Para seneng ameng-ameng sendjata, toewin para bambang ingkang njandang éndong angiwa langkap, bok sami ingkang ngatos-atos, ingkang waspada, awit manawi kelèntoe lésanipoen, saged andrawasi! Manawi saweg prikra regemenging sato oetawi glibeding boeboeron, poma sampoen agé-agé dipoenlepasi warastra. Kaoeningana, ing wana poenika oegi katah djalma manoengsanipoen, wonten ingkang krapa pados ron-ronan, wonten ingkang bloesoekan pados kadjeng rèntjèk, terkadang wonten radja poetra masoeh sarira noesoep-noesoep angajam-wana.

Mimisipoen bambang *(?? Red.)* Prendjak Mataram kala Djoemoeah kapengker djeboel kesasar ngéngingi poetra toewin poetri sakembaran, tatoe ing djadja naratas temboes ing gigir, awit sang anèm kakalih kasenggoeh pandjamaning satroedjaja, gotrah Ngalengka alias si pangroesak kasoesilan. Mangka sadjatosipoen: „Premadi lan Wara Sembadra." Anggènipoen pala-krama atas kaparengipoen Nata Kresna dalah para kadang Pandawa.

Kawoeningana, poetra lan poetri ing *goentingan pers* kawrat Swara Tama tanggal 29 poenika lakar sampoen „kagadang sangkaning timoer." Kala 6 woelanan kapengker sampoen kawara-warakaken kawrat ing kala-warti, bilih sang kalih sampoen apapatjangan, malah taksih mawi serat oelem dateng warga kadang karoeh poenapa. Kala salebetipoen woelan Besar kapengker poenika sang Prawiránom sampoen pakansi, wangsoel dateng ing dalemipoen rama-iboe. Sang rinadja poetri dèrèng wekdalipoen pakansi. Lah moempoeng taksih woelan Besar, saking karsaning para sepoeh ningkahipoen dipoenleksanani roemijin. (Bokmanawi sang Wiránom ladjeng tilgram kasboet ing Aksi poenika). Ing salebetipoen woelan Djoeni poenika sang pinangantèn taksih badé winiwaha ing bodja-krama ing sakadaripoen. Malah oepami botena tebih temen makaten koela nijat badé angombjongi.

Sigeg.

Saking pangadjeng-adjeng koela sadaja para ahli mandjoeroeng serat kabar, langkoeng-langkoeng serat kabar Sw. Tm. toewin S. K. kaparenga njingkiri rembag ingkang bangsanipoen makaten-makaten poenika. Watekipoen tijang Katholiek kedah pawakan seganten, djembar, momot toewin kedah adil kados srengéngé anggènipoen soeka papadang boten mawi pilih kasih, kalijan malih njenengaken kados déné prabaning remboelan, dados boten kénging soemengit, malah kepara ingkang marak-ati, singa moelat teka asih! (wat iets anders is dan slaafsch of willoos te zijn).

Kadosta pabenanipoen sadèrèk Baskoel kalijan sang Patricius, poenika inggih boten prajogi wohipoen namoeng dateng „tjrah boebrah", toer wosipoen ingkang dipoenrembag namoeng bangsa sepélé toemrapipoen kabetahan ngoemoem. Kalih-kalihipoen temtoe sami roemaos leres, nanging tijang paben poenika ingkang menang pantes dipoenpindang, ingkang kalah wadjib dipoenrempah. Mila prajogi katjoetela samanten kémawon. Sang Patri prajogi boten soesah mangsoeli malih. Prijantoen kalih poenika namoeng kantoen sami milih sasenengipoen, pindang poenapa rempah! Waton apoenten ingapoenten, sampoen, rampoeng. Tijang lakar boten wonten poenapa-poenapa.

„Djandjiné patok roekoen!"

Poen
*Mintagsama.*

P. S. Sadèrèk ingkang matjak kabar wonten ing *Aksi* bab student R. H. S. poenika waoe, prajogi ngoeninganana atoer koela poenika.

*Poen Mintagsama.*

*Wewahan Redaksi.*

Para maos moegi sampoen kalèntoe tampi. *Goentingan Pers* Sw. Tm. no. 22 poenika pendetan saking *Aksi.* Wonten *Goentingan* waoe, kadang Prendjak Mataram oegi sampoen tjloeloek: . . . . *„Manawi kabar waoe temen* enz". Éwadéné prakawis poenika koela pasrahaken *Prendjak Mataram* pijambak anggènipoen badé mangsoeli.

*Red. Sw. Tm.*

# OERAP SARI.

## INDONESIA.

### P. P. P. P. A.

*Mangga gèk énggal dipoendegaken.*

P. P. P. P. A. Poenapa poenika? Pandjenengan sampoen sami mangertos.

Nembé poenika redaksi pikantoek serat wara-wara saking pangrèh P. P. P. P. A. soeraosipoen anggoegah manahipoen bangsa ngriki soepados sami mangertos katah wanita bangsa kita ingkang dipoensawijah-wijah, kasadé, karisak kasoesilanipoen. Margi makaten waoe, kaadjeng-adjeng sanget soepados ing poendi-poendi ladjeng angedegna pakempalan poenika.

**Isteri-Sedar.**

*Konggrès.*

Dinten Kemis 4 Djoeni doemoegi 7 Djoeni pakempalan Isteri Sedar ngawontenaken konggrès manggèn ing Djakarta. Rembag-rembag ingkang karembag wonten parepatan, i. p.

1. Isteri Sedar kalijan onderwijs toemrap laré èstri;
2. Isteri Sedar kalijan pakarjan kanggé wanita.
3. Isteri Sedar kalijan prakawis-prakawis sosial.
1. Kawadjiban lan pandamelanipoen wanita Indonesia manoet panedaning djaman.

*Indonesia Raya congres.*

Konggrèsipoen P. P. P. K. I. taoen poenika, dipoenwastani Indonesia Raya Congres, tjalon manggèn ing Soerabaja dawah woelan Dés.

**P. ten Berge pindah dateng Bandoeng.**

Pandjenenganipoen *P. J. ten Berge S. J.* dirèktoer Normaalschool ing Moentilan pindah dateng Bandoeng perloe angembani serat kabar De Koerier.

Mireng koela pawartos poenika saking pandjenenganipoen pijambak, kala 1 Djoeni sonten. Nalika rawoeh wonten panggénan koela martosaken prakawis waoe nglairaken pangandika awrat sanget raosipoen nilar tanah Djawi Tengah. Soemedot sanget nilar poesering Missie Djawi. Inggih boten maiben, awit ing Djawi tengah katah poetra-poetranipoen ingkang dipoentresnani.

Pandjenenganipoen katah sanget lalabetanipoen dateng gotrah Katholiek Djawi.

Pandjenenganipoen poenika:

1, *Tresna* dateng *kagoenan* kita. Prakawis poenika katitik wonten idam-idamanipoen babagan retja Katholiek. Saha katitik oegi wonten ing papadjanganipoen grija Normaalschool ing sapoenika. Ing Normaalschool Moentilan dipoenwonteni piwoelang gending lan djogèd, poenika inggih saking pandamelipoen P. ten Berge.

2. *Tresna dateng basa Djawi.* Prakawis poenika katitik wiwit kala taksih Frater. Boten bosen ngoedi kasagedan basa Djawi. Boten wegah madosi temboeng-temboeng djawi kina kanggé nggantos term-term Walandi, langkoeng$^{2}$ ingkang magepokan kalijan Katholicisme.

*Pandjeneganipoen angadjengaken pers Katholiek.* Poenika katitik saking Tamtama Dalem ingkang soewaoe nama Poesara Dèwi Marijah. Nalika koela taksih njepeng Tamtama kalijan pandjenganipoen, saben dinten boten pegat anggènipoen tansah anggarénda manah soepados angetog daja amrih madjengipoen sadaja serat$^{2}$ kabar Katholiek gadahanipoen gotrah Djawi. Doemoegi sapoenika, saben-saben kapanggih, mesti ngandika: „Sadoeloer Kath. Djawa koedoe doewé koran hari warti!"

4. Iss. boten perloe koela tjatet sadaja.

Margi makaten waoe, boten maiben bilih pindahipoen P. ten Berge dipoentangisi poetra-poetranipoen ing Djawi Tengah. Djawi Tengah kétjalan . . . . . . . Nanging kados-poendi malih! Pambangoen toeroet poenika sampoen dados sasanggemanipoen para poetra Ignatius. Lan ing Djawi Kilèn wonten laladan ingkang sanget ambetahaken kalangkoenganipoen. Mila, kita ingkang tinilar namoeng moemoedji moegi wonten papan énggal waoe pandjenenganipoen saged katah anggènipoen ananem widji ingkang migoenani dateng djagad Katholiek. Manoet pangandikanipoen, redaksi Tamtama taksih wonten ing astanipoen.

Ingkang nggentosi djoemeneng dirèktoer N. S. Moentilan pandjenenganipoen P. Coenen. A. S. D.

**Merapi badé koerda malih???**

Saben tanggal 30 woelan Wlandi (jen Februari tanggal 29). ing kawedanan Salam dipoenwontenaken conferentie loerah-loerah doesoen sakoekoeban district Salam. Temtoe kémawon para A W ing wewengkon ngrikoe oegi boten kantoen.

Kala conferentie 30 Mei nembé poenika karawoehan ingkang Boepati ing Magelang.

Ingkang Boepati paring wartos wonten ing conferentie, bilih séla ingkang nèmplèk sisih kidoel kilèning kawahipoen Merapi, ingkang agengipoen $\pm$ 15.000.000 m$^3$. ing salebetipoen 2 dinten tanggal 28 t/m 29 Mei nembé poenika mingset saking papanipoen lami $\pm$ 150 m.

Manoet panginteniपoen para saged, samangsa séla waoe èstoe laroet, doemoeginipoen ngandap, tamtoe badé ambjar, wasana saged noewoehaken babaja lan karisakan ingkang langkoeng ageng tinimbang ingkang sampoen-sampoen.

Ingkang poenika pandjenenganipoen ladjeng dawoeh wonten conferentie kaseboet soepados tijang$^{2}$ wewengkon Merapi kadawoehan sadija pentongan langkoeng malih tijang$^{2}$ ingkang sami gegrija saoeroeting lèpèn Batang, Blongkèng. Lamat lan Pabélan. Perloenipoen samangsa wonten babaja, énggal kataboeh, soepados tijang-tijang énggal ngoegsi. Kadjawi poenika oegi dawoeh (kinten koela pamrajogi) bilih siti-siti sabin lan pategilan ing doesoen-doesoen bawah kaloerahan Tegalrandoe, Soka, Ngablak, Kemirèn lan doesoen bawah Doekoen sawatawis, boten pareng dipoengarap, oegi gagajoetan kalijan panginten-inten mbokbilih séla ingkang agengipoen $\pm$ 15.000.000 m$^3$, éstoe mlorot saking Merapi.

Koela namoeng moemoedji, moegi-moegi panginteniपoen para wasis waoe sampoen ngantos kajektèn.

*Pers sectie Mtm. H. Tjitra.*

## ONTJEN SEK...

### G. G. ÉNGGAL.

*Kados-poendi tjalon tradjangipoen?*

Weling koela dateng pandjenengan sadaja kala koela ngandaraken wisoedan G.G. énggal: Dipoensrantosaken kémawon roemijin.

Margi djagad serat kabar, sapoenika saking sakedik kita saged anginten-inten tjalon lampah djantranipoen Jhr. Mr. B. de Jonge manawi sampoen lenggah wonten poera Bogor.

Nembé poenika, Correspondentipoen Alg. Handelsblad ing Den Haag miterang prakawis warni-warni dateng sariranipoen tjalon G. G. Ingkang sanget koela tjatet i. p.

a. *Tangkepipoen kalijan bangsa Priboemi.*

Manoet intervieuw waoe, Jhr. de Jonge ngalembana kasaénan ingkang pinanggih wonten ing roh Inlander.

Gandèng kalijan pitakénan ing babagan sasambetanipoen Jhr. de Jonge kalijan kaoem terpeladjar bangsa kita, pandjenenganipoen ladjeng anjarijosaken makaten:

„Kalané akoe dadi dirèktoer Koninklijke ana ing Den Haag, ana insinjoer Inlander weton Delft sapisanan ndjaloek pagawéan. Sanadjan prakara nampa poenggawa ikoe satemené doedoe pagawéané dirèktoer, taktampa kalawan seneng. Insinjoer nonoman maoe bandjoer daktemoni. Kentjéngan baé panglamaré daktampani, bakal dakpapanaké ana B.P.M. ing Indija, ija sanadjan akoe ora mangerti apa ana lowongan apa ora. Akoe boengah banget, mantep banget, déné sing didjoedjoeg insinjoer Inlander sing sapisanan kok B.P.M. Temboengkoe dèk semana: „Panglamar sampéjan koela tampi. Nanging blandjanipoen kados insinjoer ing Nederland (— tegesipoen langkoeng sakedik tinimbang insinjoer Walandi ingkang njamboet damel wonten Indonesia. —) . . . . . Insinjoer Inlander katon moeringé, sarta bandjoer ora gelem nglakoni. Insinjoer maoe andjaloek bajar pada karo insinjoer Walanda sing njamboet gawé ana India. Akoe ija wis mratélakaké jèn pandjaloeké maoe ora adil. Nalar kang andjalari insinjoer Walanda ing Indija bajaré loewih akèh, ikoe ora ditoemrapaké kanggo insinjoer Inlander sing njamboet gawé ana tanahé déwé koewi. Nanging dèwèké meksa emoh . . . . . "

Dongèngipoen Jhr. de Jonge ingkang makaten waoe, ageng sanget paédahipoen toemrap kita. Dados pandjenenganipoen kagoengan wawaton: „sanadjan pada déné weton negara Walanda, toenggal diplomané, nanging jèn njamboet gawé ana ing Indija bajaré Walanda koedoe loewih akèh tinimbang Inlander."

Wawaton makaten waoe, manaw kamanah adadasar tjaraning gesangipoen para Walandi ing Indonesia ing wekdal *sapoenika,* pantjèn inggih *katingal* leres. Manawi kamanah awawaton boetoehing oerip bangsa Walanda *loewih akèh banget* tinimbang Inlander, inggih sadjak sampoen mapan.

Nanging, kadjawi poenika, tetijang ngriki inggih sami pitakèn: „ . . . . . Ning rekasaning *dèk sinaoené,* bangsa Inlander ija loewih rekasa. Awit, sekolah ana ing tanah doedoe tanahé. Béda hawané. Ragadé akèh. Adoh sanak adoh sadoeloer, adoh wong toewa! Apa rekasa dèk samana kaé tanpa diadjèni? . . . . " Makaten pitakènipoen tetijang riki.

Nalar kalih prakawis poenika, poendi ingkang awrat, langkoeng prajogi koela pasrahaken para maos pijambak.

b). *Sasambetanipoen Indonesia kalijan Nederland.*

Correspondent waoe miterang oegi babagan sasambetanipoen tanah ngriki kalijan nagari Walandi.

Gandèng kalijan prakawis poenika pandjenenganipoen anedahaken wedaring swanten ingkang mratélakaken sadjatosipoen ing Inggris boten wonten tijang satoenggal-toenggala ingkang nedya ngetjoelaken tanah Hindoestan babar pisan. ( . . . . . wees de heer de Jonge in dit verband op een typeerend artikel waarin ronduit verklaard was dat toch eigenlijk niemand in Engeland er aan dacht, Indië volkomen los te laten).

Oekara sawatawis pedotan poenika oegi ageng tegesipoen toemrap poetranipoen Noesantara ingkang angoedi Indonesia Merdeka. Ageng saèstoe!

Manawi Correspondent Alg. Handelsblad, anggènipoen nanggapi pangandikanipoen tjalon G. G. ingkang makaten waoe; „Kirakoe, G. G. anjar iki doewé kajakinan: Nederland lan Ned. Indië koedoe tansah toetoenggalan, dadi sidji, lestari dadi sidji; bandjoer wong-wong Priboemi akèha sing mèloe njekel paprèntahan ing Indija."

Margi kalih prakawis kaseboet ing nginggil, saking sakedik kita sampoen saged *ngindjen* tjalon lampah djantranipoen G. G. énggal. Apes kita mangertos sadjatosing lebetanipoen.

Mangsi boronga anggènipoen badé manggalih!

Kumuningsaselé 2 Djoeni '31.

Taklim:
PATJAR MÉRAH.


## NGATOERI PRIKSA.

Pondokan ing Moentilan taoen poenika saged nampi.
No. I. tjalon moerid kl. I. H. I. S. 60.
No. II. moerid kl. II. kl. III. gangsal welasan.
No. III. tjalon moerid Schakelklas gangsal welasan.

Wragad pondokan f 8.50, bajaran sekolah manoet pranatan negari.

Presaben sadèrèngipoen tanggal 15 Juni. Moendoeta katrangan dateng:

**Radèn M. S. WAHJASOEDIBJA**

*Mantrigoeroe H. I. S. No. II. Moentilan D/M.*


## CORR ESPONDENTIE

Sampoen tampi karangan saking sadèrèk Adininggar, Lontjèng Klatèn, D. S. Teoneow, Operasi Journalistiek sampoen dados panggalih, dèrèng saged matjak, djalaran kirang papan, jèn tanpa alangan minggoe ngadjeng badé kapatjak. *Red.*

... BIENE.



Toekang herlodji
dan Toekang emas.

Adres jang
**moerah**

| DJOKJA | BANDOENG |
| --- | --- |
| Telf. 252 | Telf. 226 |

boeat LONTJENG, HERLODJI dan PERKAKAS EMAS.

**Pembatja**
**SWARA TAMA,**
dengan bawa lembaran
Swara Tama
**dapat POTONGAN.**



# Frieling's Glansverf A
**(tjèt gilap)**

kantoen ngoesar-oesaraken kémawon, teroes kénging kaanggé.

| Dipoenwadahi blèg netto | 10 | 5 | 2½ | 1 | ½ kilo. |
| --- | --- | --- | --- | --- | --- |
| sa - blèg . . . . . . | 9.— | 4,75 | 2,50 | 1,10 | 0,60 |

Kwaliteit (golongan) **B**, sa - blèg **10** Kilo . . . f 6,50.
**5** Kilo . . . f 3,50.

| | | | |
| --- | --- | --- | --- |
| Frieling's Verflak **no. 1** | sa - gendoel | | f 0,90. |
| „ „ **no. 2** | „ | „ | „ 0,70. |
| Lisah tjèt Walandi | „ | „ | „ 0,50. |
| Byta kanggé ngitjali tjèt | „ | „ | „ 0,30. |
| Artistico Calcarium | sa - Kilo | | „ 0,75. |

Glansverven (tjèt gilap) saben **100** K. G. angsal soedan **10%**.

**Pabrik tjèt R. B. FRIELING**
HOEKHUIS GONDHOMANAN-SAJIDAN — DJOKJA.



Boeat toean poenja





ERCEE

# Recept

APOTHEKEN
**Rathkamp & Co**
MALIOBORO 15 DJOKJAKARTA.



# TOKO DJOEN & Co.
TELEFOON No. 374.
PATJINAN — DJOCJA.

KITA POENJA ROTIE JANG DIE
TOEMBOOK PAKEE
**KNEEDMACHINE**
DENGAN TENAGANJA
**ELECTRISCH**
TENTOE PALING
**DJEMPOL**
SILAHKEN BIKIN PERTJOBAÄN
*Memoedjiken dengen hormat*
**DJOEN & Co.**



Sampoen sedija **papan pondokan** kanggé LARÉ ÈSTRI INGKANG SEKOLAH.
Sinaoenipoen dipoenoelat-oelataken sarta dipoentoentoen.
Wragad mondok lan neda:
f 15.—

Koela:
**Hardjodiningrat,**
**Goenoeng-Ketoer,**
**Pakoe-Alaman, Ngajogja.**



:-: AGENT :-:
BOEAT SELOEROEH DJOKJAKARTA.

**Speda - speda merk:**
SIMPLEX Cycloide, S. koening, S. poetih dan SIMPLEX TRANSFER.
HIMA: Wassenaer, Rondrit, Oranje dan Woestduin.
TOURIST: AA dan A.

**Ada sedia djoega speda merk:**
RAY — SWIFT — GRUNO — HUMBER — VIALLE — BURGERS E. N. R. — KROON — NATIONAL — BERGKONING.

Apalagi sedia djoega speda jang sedikit harganja, moelaï f 55.—, f 65.—, f 75— dengan perkakasnja: klinting, pompa, lentera, dan tasch berisi perkakas koentji dan tempat minjak.

Baroe terima per S. S. SLAMET dan JOH. DE WITT speda merk: ROVER Iperial, Continental, The Rover dan Metallicus.

Ada sedia djoega: Djas hoedjan, Kopper, Lentera Stormking, Almari besi dan tjat wenter.

**PENDJOEALAN A CONTANT ATAU BOLEH DI ANGSOER.**
**Kalau maoe minta keterangan, akan dikirimi keterangan dengan pertjoema.**

Mengharap pesenan:
**Rijwielhandel, Reparatie - inrichting dan Smederij:**
**WIRJOSOESENA**
LODJI KETJIL 16 DJOKJAKARTA TELF. No. 13.


# MANTJA NAGARI.

## SEPANJOL.

*Kardinaal - Primaat kadakwa.*
*(Pandakwa boten njata).*
*Tijang - tijang sami njaosi kasoegengan.*

Pandjenenganipoen Kardinaal Segura y Saenz dèrèng lami kanggé lèsanipoen golongan vrijmetselaar inggih poenika dipoenkabar - kabaraken, bilih Pandjenenganipoen wonten ing preek (woelangan ing Grédja) ngawon - awon Paréntah. Kalampahan Minister van Binnenlandsche zaken dawoeh mriksa, nanging ladjeng tétéla jèn pandakwa waoe palson. Djalaran saking poenika malah ndjalari jèn katah pakempalan, organisatie sarta tetijang partikelir ageng alit sami njaosi tilgram lan atoer kawiloedjengan dateng Kangdjeng Kardinaal mawi dipoenwewahi boten sardjoenipoen dateng tindakipoen vrijmetselaar ingkang boten djoedjoer waoe.

## NEDERLAND.

*Begrooting Indija wonten Eerste Kamer.*

Kala ing Eerste Kamer ngrembag begrooting Indija, manoet pawartos tanggal 30 Mei,

*T. Briët* anjarijosaken tjalon awratipoen G. G. énggal. Toewan poenika miterang poenapa regeering sampoen amboedidaja sageda t. Colijn ingkang dados G. G. Manawi regeering andjarag boten ngadjengi t. Colijn poenika nama anindakaken kalepatan - politik ageng, ingkang boten badé pikantoek pangapoera saking babading bangsa. Djer, Indija sami neda t. Colijn, saben tijang neda t. Colijn. Lan poenapa regeering sampoen nantoen t. Colijn? Jèn dèrèng, poenapa sababipoen.

*T. Mendels* njarijosaken nitik tindak sapoenika, ing béndjing regeering badé pikantoek reactie ageng sanget. Awit regeering anindakaken begrootingspolitik ingkang adamel gègèr; mangka sadjatosipoen saged anindakaken pados samboetan, awit financieel ing Indija poenika saras. Leeningspolitiek waoe, minister boten moepakat. Kaandaraken krisis samangké poenika ingkang sanget kataman tetijang Priboemi. Pamedar sabda natjad poetoesan P. N. I. Anggènipoen amastani, ambenoem Jhr. de Jonge ingkang dados komisaris Koninklijke poenika tetep nglingsemaken. (schandaal).

*Mr. Slingenberg* amastani: ngedoenaken bajaripoen ambtenaar poenika kedah namoeng woedjoed sandjata pamoengkas.

*Mr. D. Fock* inggih amastani njowok bajaring ambtenaar poenika kedah namoeng sandjata pamoengkas. Pitakènipoen: poenapa boten saged ingkang bajar ageng langkoeng katah malih anggènipoen njoeda? Pamedar sabda moepakat sanget kalijan Indianiseering, ingkang ateges: andadosaken bangsa Priboemi sageda njepeng pangkat langkoeng inggil. Warga poenika sanget ngalem dateng Jhr. de Jonge tjalon G. G.

*Dr. Steger.* Njarijosaken: pinter sanget communisme anggènipoen migoenakaken nationalisme. Pangandjoer - pangandjoer ingkang bangsa Djawi ingkang katoentoen wonten Moskou, sami gadah poeser wonten Tiongkok. Ébah-ébahan kabangsan kedah tinoentoen medal margi ingkang leres. Kedah toemindak andandosi kawontenan sosijal. Saking pamanggihipoen, industrie saged dados sarana ingkang kijat sanget kanggé andjoendjoeng daradjadipoen bangsa Priboemi. Awawaton encycliek ingkang wekasan, pandjenenganipoen neda soepados anggènipoen doemdoem barang saja adil. Pandjenenganipoen neda soepados njamboet damel peksan toemoenten dipoenitjali, awit njamboet damel peksan makaten soelaja kalijan dadasar - dadasar Kristen.

*T. Lohman* pamanggihipoen toemrap wisoedan G. G. sami kalijan t. Briët.

## AMÉRIKA.

*Monnik mānggih gletscher.*

Rama Pater Don Alberto De Agostini tijang Itali golongan pakempalan Salesiaan, ingkang misoewoer ngertos tlesih dateng kawontenanipoen Vuurland, sampoen kondoer saking anggènipoen tindak madosi ingkang dèrèng naté kasoemerepan ing sardjana-sardjana. Rama Don Alberto sampoen saged manggih sarta niti priksa gletscher ( ) ingkang saking Zuid-Patagonische Cordollera doemoegi Stille Oceaan, Gletscher poenika ing soewaoe babar pisan boten wonten ingkang njoemerepi. Pandjenenganipoen saged doemoegi péranganing Andes ingkang prasasat boten kénging dipoenlebeti ing tijang medal margi ingkang dèrèng naté kaambah ing manoengsa. Rama waoe kalijan kantja ingkang ndèrèkaken wiwitipoen mangkat saking Lago Argentino, ladjeng dateng Viedmameer, teroes dateng Monolukken Fitz Roy (redi ageng inggil) inggih poenika poengkasaning sedya.

Rama Don Alberto njinaoe kanti tlesih sanget bab kawontenaning archeologie sarta kondoer kalijan mbekta toetoewoehan lan kéwan-kéwan.

Sakedap engkas pandjenenganipoen badé njerat boekoe njarijosaken poenapa ingkang sampoen pinanggih.

## ITALI.

*Ontran-ontran mengsah Katholiek. Saking pandamelipoen kaoem fascisten.*

Salebetipoen minggoe kapengker ing Itali wonten gégéran mengsah golongan Katholiek.

*Sabab - sababipoen.*

Ingkang bakoe, margi:

*Pakempalan „Azione Cattolica" (Aksi Katholiek) dinalih nedya angrebahaken paprèntahan fascisme.*

*Dadakanipoen.*

a. Serat kabar Katholiek „Azione Cattolica" kalijan orgaan gadahanipoen golongan Fascisten anama „Lavoro Fascista" margi nalar ing nginggil teroes anggènipoen étjé-étjénan, gentos toeding-toedingan. Graaf Del la Torre hoofdredacteur „Osservatore Romano" naté kawedal badé ngedalaken koran hari warti sakawan sarwa santosa kanggé nimbangi koran-koran Itali ingkang sami anjerik-njerikaken poenika.

b. Mentas wonten sagrombolan maha siswa Katholiek sami sowan ngarsa dalem I. S. Kangdjeng Paus ngatoeraken anggènipoen pinisakit (mishandeling), tampi dawoeh wangsoelan soeraosipoen „manawa kowé ditoendoeng saka pakoempoelan doewèké fascisten marga kowé dadi wargané „Azione Cattolica" koewi tetep aran kaloehoeran toemrap kowé.

c. S. k. „Osservatore Romano" mentas ngewrat tjatetan pratingkahipoen golongan fascisten ingkang boten saé salebetipoen demonstrasi kala Rebo 27 Mei toemandoek dateng para Imam, lan warganing pakempalan „Azione Cattolica". Démonstrasi waoe kanti paksa loemebet wonten kantor apostolische organisatie ngrisak bekakas gambar-gambar toewin retja, amisakit studenten Katholiek, Démonstrasi poenika oegi toemindak wonten Padua, Asti, Venetië.

enz. . . . enz. . . . enz. . . .

*Dadosing kawontenan.*

Tanggal 27 Mei margi - margi ingkang dateng Vaticaan kadjagi poelisi. Semanten oegi gedong - gedong Katholiek ingkang perloe - perloe. Clubgebouw Katoelik ingkang nama St. Joakim dipoen-groedoeg studenten, swaranipoen pating brengok: „Tanpa Paus baé! Wonten clubgebouw ngrikoe angrerisak, sasampoenipoen angrerisak saweg dipoen-goesah poelisi. „Osservatore Romano" boten narimahaken, amastani poelisi njakadjeng tindakipoen student wonten clubgebouw ngrikoe. — Grédja² katah ingkang kabesmi, lan kabar kobongan poenika boten dipoenkabaraken wonten pers fascisten.

*Tandangipoen paréntah Itali.*

Regeering Itali andawoehaken noetoep sadaja kantor - kantoring pakempalan Katoelik ing Roem (. . . . . bokmanawi poenika kantoripoen pakempalan - pakempalan moeda Katholiek lan pakempalan Aksi Katolik). Toetoepan waoe namoeng kanggé sawatawis wekdal. Bakda katoetoep para panoentoening sami teroes dateng Vaticaan perloe rerembagan kalijan Kg. Paus.

Paréntah Itali andawoehaken dateng pangagenging provincie, prakawis toetoepan poenika goemantoeng dateng pamanggihipoen pangageng pijambak - pijambak.

Grijaning warga „Azione Cattolica" katah sanget ingkang dipoengalédah. Kadjawi poenika inggih katah ingkang sami dipoentahan. Golongan neutraal katah ingkang gadah pamanggih pandakwa - pandakwa saking kalangan fascisten dateng tijang Katholiek ingkang saben dinten dipoenbèbèr wonten serat kabar, poenika katah ingkang boten antep wawatonipoen.

Kantor - kantoripoen pakempalan Katoelik katah ingkang dipoen - galédah.

Regeering Itali dawoeh ambibaraken sadaja pakempalanipoen para moeda Katoelik. Prakawis poenika andadosaken gendra wonten kalangan Katoelik.

*Wéwékanipoen Vaticaan.*

Kg. Pans moesawaratan kalijan sadaja Kardinal ingkang wonten Roem.

Osservatore Romano boten kapareng ngewrat pakabaran dakmenang lan kadoerdjananipoen fascisten anggènipoen ngobong - obongi Grédja; anggènipoen mengsah pakempalan-pakempalan Katoelik lss.

Para Biskop ing Itali kadawoehan njarirani ngasta toentoenanipoen pakempalan „Azione Cattolica."

Ontran - ontran poenika saking pamanggih dalem oewohing panggoela-wentah ingkang andeder widji sesengitan, roda paksa.

Kg. Paus wonten ngadjengipoen tetijang ingkang sami soedjarah anetepaken concordaat dipoenterak wani kémawon, mila anglenggahi anggènipoen djoemeneng Biskop ing Roem, badé sanget boten anarimahaken. Dawoeh pangandika dalem: „Kana bisa andjaboet njawakoe kabèh, nanging ora bisa ameksa kita meneng baé!"

Pradjoerit Vaticaan kala samanten dipoenbektani patroen. Wiwit taoen 1870 inggih saweg sapoenika tamtama ing Vaticaan asikep dadamel patroen.

Ngarsa dalem boten marengaken tetijang Katoelik arak-arakan soetji medal saking koekoeban pasitèn Grédja. Konggrès Sakramèn ing Itali kasandèkaken roemijin. Kg. Kardinal Lega boten kapareng dateng Padua, amakili Vaticaan wonten pahargjan (eeuwfeest) St. Antonius.

(. . . Orgaan Fascisten: „Lavoro Fascista" „ladjeng animbangi:" . . . . . gandèn karo kadadéjan - kadadéjan kang bakal kalakon, enggonkoe padoedon karo „Azione Cattolica" kanggo sawatara waktoe dak lèrèni. . . ).

*Panedanipoen Vaticaan.*

Vaticaan nglampahaken nota dateng regeering Itali. Wosipoen ngentepaken soepados Itali neda ngapoenten; sapisan babagan anggènipoen njahak exterritoriale rechten; kaping kalih babagan anggènipoen boten menging wontening oetjap „Paus dipatèni waé" lss. Kadjawi poenika kedah nglintoni kapitoenènipoen Vaticaan.

Dinten Senèn 7 Djoeni, kawartos kawontenan ing rikoe sampoen menda Kantor - kantoripoen pakempalan Katoelik sampoen wonten ingkang kabikak.

*Tilgram béla soengkawa.*

Ing salebetipoen manggih reribed waoe, saben dinten Vaticaan kabandjiran tilgram saking saindenging bawana anglairaken toemoet béla soesah, sarta sanget anggetoeni reresah waoe.

Samanten oegi Biskop ing Berlijn, oegi ngatoeraken béla soengkawanipoen gotrah Katoelik ing kabiskopan ngrikoe.

* * *

Makaten wosing tilgram - tilgram ingkang koela waos doemoegi 2 Djoeni.

Moegi-moegi „basoeki" ingkang pinanggih! Andèrèk béla soengkawa!


**Retrèt kanggé Goeroe-goeroe Wanita, papan: wonten ing Internaat Zusters Franciscanessen Ambarawa.**
**Tapoekipoen: 25 Djoeni '31, sonten.**
**Rampoengipoen: tanggal 29 Djoeni éndjing.**
**Wragad: f 3 (tigang roepijah).**
**Basa: Djawi.**
**Ingkang ngarsakaken toemoet, soepados pratéla dateng Pangagenging Internaat Ambarawa.**
**Kasèp - kasèpipoen doemoegi tanggal 15 Djoeni 1931.**
**MOEDER CORONA.**